

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Kabudayaan teu bisa lepas ti masarakat nu aya dina sabudeureunana. Sabab kabudayaan téh diciptakeun jeung digunakeun ku masarakatna sorangan. Dumasar *Kamus Basa Sunda* R.A. Danadibrata (2006:108), kabudayaan nya éta hasil, tanaga, karep, pikiran sarta parasaan jelema guna nambahan kasenangan jeung kani'matan ku rupa-rupa akal jelema. Lian ti éta, saumpama nilik kana kabudayaan nu aya di masarakat sabudeureunana, éta kabudayaan téh mangrupa hasil tina kabiasaan anu dipigawé ku hiji masarakat nu hirup saheulaeunana sarta diturunkeun ti hiji generasi ka generasi séjénna. Nu antukna éta kabiasaan téh jadi tradisi atawa budaya nu hirup di masarakat.

Kabudayaan nu aya di masarakat Indonésia téh éstuning réa pisan. Éta hal katitén tina kabeungharan sélér bangsana. Saban sélér bangsa miboga kabudayaan séwang-séwangan, kitu deui dina kabudayaan téh réa rupana. Éta hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Koentjaraningrat (1990:203-204) yén kabudayaan téh universal tur miboga tujuh unsur, nya éta sistem kapercayaan, organisasi kamasarakatan, élmu pangaweruh, bahasa, kasenian, sistem mata pencaharian (pakasaban), jeung téhnologi.

Jauh ti saméméh Islam asup ka masarakat Sunda, urang Sunda geus miboga sistem kapercayaan. Salasahiji kapercayaan masarakat Sunda jaman harita nya éta animisme. Éta hal ditétélakeun ku Edi S. Ekadjati (2009:37-46) yén masarakat Sunda ngajénan pisan ka pamingpin atawa sesepuh désa nu miboga pangaweruh, pangalaman, wawanén, jeung kaparigelan nu leuwih, nu antukna lila-kalilaan éta rasa pangajén téh ngabalukarkeun ayana kapercayaan pikeun ngajén sarta muja roh karuhun nu jadi pamingpin anu miboga kakuatan goib. Éta kakuatan goib téh ku masarakat dipercaya bisa mangaruhan kana kahirupan manusa boh nu ngadatangkeun kahadéan boh nu ngadatangkeun

kagoréngan, gumantung kana cara manusa dina ngajén roh karuhun atawa nu dipercaya miboga kakuatan goib ngaliwatan upacara ritual.

Éta hal katitén pisan dina kabiasaan masarakat Sunda nu umumna hirup tina hasil tatanén, sok ngalakukeun upacara salametan boh saméméh boh sabada tatanén. Luyu jeung katerangan Herlina Lubis (2011:289) yén ti mimiti ngahuma masarakat Sunda geus miboga rupa-rupa salametan atawa upacara anu patali jeung tatanén. Malahan masarakat Sunda bakating ku ngajén pisan kana paré, nepi ka miboga sesebutan ka paré téh salaku simbol Nyi Pohaci atawa Déwi Sri.

Kitu deui dina ngamimitian tatanén, masarakat nu aya di Majalengka, hususna masarakat nu aya di Désa Salawana Blok Kampék rutin unggal taun sok ngalakukeun upacara tradisi guar bumi. Ieu tradisi guar bumi nu dilakukeun ku masarakat Salawana téh miboga tujuan utama nya éta salian ti rasa sukur sarta harepan datangna usum tatanén jeung usum hujan, ieu upacara tradisi guar bumi gé miboga tujuan sangkan binih nu dipelak téh hasilna mucekil sarta pikeun ngébréhkeun rasa hormat ka sesepuh (karuhun).

Dina sawatara upacara tradisi budaya Sunda téh teu ngan saukur padu waé ngalakukeunana. Biasana dina prak-prakanana miboga sipat nu sakral. Sipat sakral di dieu lain ngan ukur ngandung kakuatan magis, tapi miboga ajén-inajén pikeun kahirupan. Kitu deui dina tradisi upacara guar bumi, ieu ogé loba pisan simbol-simbol nu miboga ajén-inajén pikeun kahirupan.

Simbol mangrupa bagian tina tanda. Élmun anu ngabahas ngeunaan tanda jeung simbol disebut sémiotik. Numutkeun C.S Peirce dina (Santosa, 1990:11) simbol nya éta hiji hal anu ngalaksanakeun fungsina salaku tanda anu geus umum digunakeun dina kahirupan masarakat. Maksudna nya éta hiji hal atawa kaayaan anu ngawakilan pamahaman hiji jalma kana hiji objék. Salian ti éta, C.S Peirce nétélakeun yén tanda téh ngawengku indék, simbol, jeung ikon.

Ku kituna, dina hal upacara guar bumi, salian ti salasahiji upacara tradisi masarakat Sunda, ogé miboga simbol-simbol anu dumasar pamahaman masarakat sabudeureunana, nyangkaruk ajén-inajén nu luhung pikeun

kahirupan. Ku kituna, penting pikeun dipikanyaho ku masarakat sabudeureunna ngeunaan ma'na simbol dina éta budaya.

Ku lantaran kitu, kawilang penting pikeun mikanyaho ma'na dina simbol-simbol nu nyangkaruk dina éta tradisi upacara guar bumi pikeun disurahan sangkan dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Salian ti éta ogé, éta upacara tradisi guar bumi bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran di sakola pikeun nambahan pangaweruh siswa, nu geus disaluyukeun jeung “SK-KD Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda” nya éta ngaliwatan artikel budaya.

Panalungtikan ngeunaan simbol-simbol dina kabudayaan, saméméhna geus aya nu nalungtik, di antarana:

- 1) *Fungsi Simbol dina Upacara Salametan Solok Coblong di Kampung Cirateun Kecamatan Sukasari Kodya Bandung.*
(Ganjar Anoegrah, 2008)
- 2) *Fungsi Simbol dina Upacara Labuh Saji Nelayan Kecamatan Palabuhan Ratu Kabupatén Sukabumi.*
(Andika Nugraha, 2009)
- 3) *Simbol Budaya nu Nyampak dina Tradisi Sambel Séréh Sabada Nalahirkeun di Kampung Cikonéng Langkob Désa Alam Endah Rancabali Kabupatén Bandung.*
(Fany Oktavia, 2010)
- 4) *Simbol nu Nyampak Upacara Adat Sérén Taun di Désa Sinar Resmi Kecamatan Cisolok Kabupaten Sukabumi.*
(Nining Restiani winarti 2010)
- 5) *Ajén Falsafah dina Simbol-Simbol Tradisi Hajat Makam di Kampung Kawunganten Babakan Désa Kawunganten Kecamatan Cikaum Kabupatén Subang:*
Ulitan Struktural Sémiotik
(Deasy Haspari Suciati, 2012)

Tina sawatara judul panalungtikan, can aya anu ngaguar leuwih jero ngeunaan upacara tradisi guar bumi di Blok Kampék, Désa Salawana,

Euis Nur Amalia, 2013

SIMBOL-SIMBOL DINA UPACARA G GUAR BUMI DI BLOK KAMPÉK DÉSA SALAWANA KACAMATAN DAWUAN KABUPATEN MAJALENGKA PIKEGGGGHHHUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kacamatan Dawuan, Kabupatén Majalengka, ti mimiti prak-prakan upacara, sarta simbol-simbol nu nyangkaruk di jerona pikeun alternatif pangajaran maca di SMA kelas XII.

Ku kituna dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan di judulan *Simbol-simbol dina Upacara Tradisi Guar Bumi di Blok Kampék Désa Salawana Kacamatan Dawuan Kabupatén Majalengka pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII.*

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, pasualan anu baris dipedar dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan tanda-tanda nu aya dina upacara tradisi guar bumi. Saperti anu gues dipedar saacanna, yén tanda téh ngawengku simbol, ikon jeung indeks. Sangkan leuwih museur, ieu panalungtikan diwatesanan leuwih muser medar ngeunaan Simbol-simbol dina tradisi upacara guar bumi nu aya di Blok Kampék, Désa Salawana, Kacamatan Dawuan, Kabupatén Majalengka.

1.2.2. Rumusan Masalah

Masalah-masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan saperti ieu dihandap:

- 1) Kumaha prak-prakanana upacara tradisi guar bumi?
- 2) Simbol jeung ma'na naon waé nu nyangkaruk dina upacara tradisi guar bumi?
- 3) Naha éta upacara tradisi guar bumi masih relevan dina kahirupan mangsa kiwari?
- 4) Kumaha implikasi upacara tradisi guar bumi pikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan ngagambarkeun kumaha prak-prakan upacara tradisi guar bumi sangkan bisa dipikanyaho ku masarakat lianna, sarta pikeun ngamumulé kabudayaan Sunda.

1.3.2. Tujuan Husus

Sacara husus tujuan ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Ngadéskripsikeun prak-prakan jalanna upacara tradisi guar bumi
- 2) Ngadéskripsikeun simbol-simbol jeung ma'na nu nyangkaruk dina upacara tradisi guar bumi
- 3) Ngadéskripsikeun relevansi Upacara tradisi guar bumi dina kahirupan mangsa kiwari
- 4) Implikasi upacara tradisi guar bumi pikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel budaya

1.4. Mangpaat Panalungtikan

1.4.1. Mangpaat Téoritis

Pikeun ngeuyeuban hasanah kasundaan dina widang budaya nya éta ngeunaan tradisi masarakat Sunda jaman baheula, sarta ngeuyeuban bahan pangajaran dina pangajaran basa Sunda ngeunaan artikel budaya pikeun alternatif bahan pangajaran maca kelas XII.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Pikeun nambahan pangaweruh sarta usaha dina ngamumulé kabudayaan Sunda atawa bisa dijadikeun inventaris budaya.

1.5. Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) BAB I: Mangrupa bab munggaran anu pedaranana ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, watesan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, sarta sistematika tulisan.
- 2) BAB II: Medar tiori-tiori anu aya dina ieu panalungtikan sacara leuwih jembar jeung jero, nya éta medar ngeunaan wangenan kabudayaan, tradisi, upacara, guar bumi, jeung téori semiotika.
- 3) BAB II: Medar métode anu digunakeun dina panalungtikan kaasup sababaraha komponén, nya éta: lokasi jeung sumber panalungtikan, desain panalungtikan, wangenan operasional, téhnik ngumpulkeun data, sarta analisis data.
- 4) BAB IV: Ngadéskripsikeun data jeung ngabahas hasil panalungtikan ngeunaan simbol-simbol nu aya dina tradisi upacara guar bumi salaku alternatif bahan pangajaran.
- 5) BAB V: Eusina medar kacindekan jeung saran, ngeunaan sawangan sarta pamadegan panulis kana hasil panalungtikan.